Filosofiya

# ДЕМОКРАТИЯЛЫҚ ҚӘДИРИЯТЛАРДЫҢ КӨРКЕМ ДӨРЕТИЎШИЛИКТЕГИ ТАЛҚЫСЫ

(Т.Жумамуратов шығармалары мысалында)

**М.Т.Джумамуратова** – *филология илимлериниң кандидаты*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** демократик қадриятлар, баъдиий ижод, тафаккур, ижтимоий онг.
**Ключевые слова:** демократические ценности, художественное творчество, мышление, общественное сознание.
**Key words:** democratic values, artistic creation, thinking, public consciousness.

Халықшыл жәмийет ҳаққындағы ой, гуманистлик мәпти гөзлеген уллы мақсетлер тийкарындағы демократиялық жәмийет қурыў идеясы әййем заманларда-ақ ҳәр бир дәўирдиң интеллектуал санасына қозғаў салып, жәмийет прогреси ҳәм инсан кәмиллигине, ҳуқықый мәденияттың жоқарылаўына бағдарланып, идеал жәмийеттиң көбирек адекват ҳәм нәтийжели жолларын излеўге талпындырып келген. Әййемги дәўир естелиги «Авесто» өз ишине әдеп-икрамлық, ҳуқық, дин ҳаққындағы өлшемлерди жәмлеген тарийхый ҳуқық дереги сыпатында тән алынбақта [6]. Грек философлары Платон, Аристотель, Эпикурдың мийнетлеринде олардың жәмийет ҳәм мәмлекет ҳаққындағы пикирлери бар [6]. Ҳәзирети Алишер Наўайы «Маҳбул ул-қулуб» шығармасында «Әдалатлы патша Ҳақ тааланың халыққа көрсеткен мәрҳәматыдур; бундай патша мәмлекет ушын тынышлық ҳәм пәраўанлық себепшисидур» [1,15] - деп жазады. Сондай-ақ, бул мийнетте беклер, орынбасарлар, ўәзирлер, жасаўыллар, ләшкерлер, қазылар, нызамшы муфтилер ҳәм тағы басқалардың мәмлекет қурамындағы миннет ҳәм ўазыйпалары – олардың мәнәўияты ҳәм әдеп-икрамлығы көзқарасынан түсиндирилген. Қарақалпақ классиги Күнхожаның «Шад боларсаң, шадлы болса елатың» деген гәпинде жеке инсан ҳәм жәмийет бирлигиниң әҳмийети сезиледи.

Илимий жөнелисте демократиялық жәмийет тийкарларына арналған жумыслар[2;3;5] орынланды. Америкалы илимпаз Джон К.Гэлбрейттиң мийнети әйне «Әдил жәмийет гуманистлик көзқарас» [3] - деп аталған. Солай да, адамгершиликли жәмийет ҳәм онда демократиялық әдиллик ҳәм халықшыллық мәселелери толығы менен шешимин тапқан емес, еле де тийкарлы, ҳәр қыйлы аспектлерде үйрениўди талап етеди.

Демократиялық қәдириятлардың көркем дөретиўшиликтеги талқысына қаратылған бул мақаланың үйрениў объекти – Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры, Бердақ атындағы Мәмлекетлик сыйлықтың лауреты Тилеўберген Жумамуратовтың (1915-1990), шайыр тилинде айтсақ, «ҳәр дәўирде де бир қәлипте жаңарып баратуғын ҳасыл даналық»тан ибарат «кеўиллерди толқытқан» халықшыл ойға қурылған мәнәўий мийрасы болып табылады.

Әзел-әзелден, пикирлеў әлеми кең, исеними беккем, сезимталлығы терең, жоқары мәдениятлы, өмирин жақсылық ҳәм сулыўлық нызамлары менен қура алатуғын мәнаўиятлы инсанлар өзлериниң дөретиўшилик интәси менен инабатлы түсиник ҳәм сезимлерди тәрбиялап жәмийет прогресине үлес қосады. Көркем дөретиўшилик пенен шуғылланған өнерпаз өз пикирлеўинде өзине шекемги прогрессив идеялардың қаймақларынан азықланып, турмыс фактлерине экспрессивлик-баҳалаўшылық мүнәсибет билдириў арқалы әдиллик моделин усынады. Т.Жумамуратовтың шығармаларында да әдил, инсансүйиўши пәрўар жәмийет ҳаққындағы арзыў-әрманлар өз сәўлесин тапқан. *«Әдиллик – дарақ, жақсы болсаң, дарағысаң журтыңның»; «Өзиң емес, журт өлшейди баҳаңды; «Өзим Шәрьярман деп шаўқымды салма, төбеңде көз тигип сынап тур халқын»*[4]-деген қатарлар – халық қәлеўи ҳәм прогрессив жәмәәтшилик пикирдиң әҳмийетин билдирип тур. *«Жақсылықтың кәраматлы иси бар, Әдилликтиң қудиретли күши бар!»* деген ой-пикир шайырдың ҳәр қыйлы жанрларда жазылған шығармаларының тийкарғы кредосы, десек те болады. Себеби, жетилискен жәмийетте инсанлар мүнәсибети ҳаққындағы қарасларындағы негизги қәдирият – жақсылық ҳәм әдиллик. Жақсылық – бул әдиллик мүнәсибети, әдил мүнәсибетте болыў – жақсылық дереги. Усы ҳақыйқатлық шайырдың ҳәр қыйлы дөретпелерде әҳмийетли өлшем сыпатында көринеди. *«Таң қаларлық қыял жетпес кәрамат, Кең аспанның жайнап турған ақ күни. Онда болмас теңсизлик, я алағат, Жер жәҳәнге бирдай сепкен жақтыны»* деп әдиллик улығланады. Соның менен бирге, бул дөретиўшиликте жәмийеттеги әдиллик ҳаққындағы қараслар оннан да кеңирек мағананы жәмлеп, жаратылыстың өзи – ҳәмме ушын теңлик өлшеминде екенлиги ҳаққындағы философиялық жуўмаққа тиреледи: *«Дүнья баста ҳәмме ушын қурылды, Жаслық тахтым қашықласа бурынғы. Барлық жанның ҳуқықы тең биз бенен, Келгенлерге босатамыз орынды».*

Мәмлекет қурылысы ҳәм басқарыў тараўындағы ең әҳмийетли ўазыйпалар мәмлекетте нызамлық тийкарда белгилеп қойылған. Конституцияға муўапық, Өзбекстан Республикасында Олий Мажлис, Президент, Ўәзирлер Кабинети, мәҳәллий мәмлекет ҳәкимияты, суд ҳәкимияты органлары − мәмлекет ҳәкимиятын әмелге асырады. Мәмлекет ҳәкимияты органлары жәмийетте жоқары мәнәўиятқа тийкарланған үгит-нәсиятлаўды тәмийинлеп, миллий ҳәм улыўмаинсанлық қәдириятларды ен жайдырады, адамларды жақсылық жолында бирлестириўши идеяларды жаратады. Мәмлекеттиң бул мақсетлериндеги кәраматлы таянышларының бири – көркем дөретиўшилик, әлбетте.

Көркем дөретиўшиликте жаратылған уникал жаңалық – өмирдиң этикасын-эстетикасын өзинде жәмлеген философиялық ойлардан ибарат. Ҳақыйқый шайыр тереӊ пикирлеўши философ. Сонлықтан да ол: *«Жолбасшылық – бийик ҳүрмет, зор талап»*ты – ел тәғдири ушын қатаң жуўапкершилик, ел ағасы сыпатындағы аўыр салмақ ҳәм Ўатан алдындағы перзентлик сезим екенлигин аңлата алады.

*«Басшы келип кетеди, халық қалады, Жақсы басшы сыртынан мақталады. Арадан кетсе де ол, өтсе де ол, Адамлар жүрегинде сақланады»; «Басшы болсаң, елиңниң ағасы бол, Бир жағынан хызметкер баласы бол, Жақсылық жерде қалмас, деген сөз бар, Ең қәдирли көзиниң қарасы бол»; «Баслық, мүдир, райис яки ҳәким, ҳәммеси өз халқына бала бәри».* Бул пикирлерде жақсылық, демократиялық жаңаланыўларды мақуллаў – ҳәр қандай прогрессив сананың, демек халықтың қәлеўи екенлигин аңлаймыз ҳәм бул нийетлердиң – әсиримиз жарасығына айланғанына сүйсинемиз.

Мәнәўият қәдирияты – инсанның мойынлайтуғын ҳәм қорғаўға таяр туратуғын, өз өмири даўамында бағынатуғын түсиник ҳәм концепциялар жәми болып табылады. Мәмлекет раўажланыўының теориялық негизи: улыўмаинсанлық қәдириятларға садықлық, мәнәўий мийрасты беккемлеў ҳәм раўажландырыў, инсанның өз имкәниятларын еркин жүзеге шығарыўы, Ўатанды сүйиўшилик киби принциплерге сүйенеди.

Демек, демократияның зәрүрий шәрти – еркинлик, ҳүрпикирлилик. Бирақ, еркинлик – бийбастақлық емес. Демократия – шахстың ҳәмме ушын тең зәрүр

нызамларға толық бойсыныўын, тәртип-интизамға сүйенип жасаўын талап етеди. Еркинлик кепиллиги – бул инсан болмысының өз мақсетлерине муўапық нызам тийкарында, этикалық-эстетикалық қарым-қатнас шеңберинде шешим қабыллаўы ҳәм ҳәрекет етиўи болады. Еркинлик ҳәм жуўапкершилик өз ара диалектлик байланыстағы түсиниклер. Инсан өзиниң жәмийет алдындағы миннетин – әпиўайы жасаў тәризи, өз еркинлигиниң, жәмийетлик белсендилигиниң бир көриниси, даўамы деп билсе, өзин жәмийетке керекли бир ағза сыпатында таныса ғана, ол шын мәнисиндеги кәмилликке ериседи, жәмийетте жасап турып, жәмийеттен бийғәрез болыў мүмкин емес. Шайырдың қосықларында усы тақылеттеги пикирлерге силтеў бар: *«Адам болсаң жәмийетке дерексен, Қосылмасаң – тамыры жоқ терексең. Ойламасаң тек өзиңнен басқаны, Айтшы қәне, сен кимлерге керексен?!»*.

Басқарыў ҳәм орынлаўшы буўынды демократияластырыўдағы тийкарғы бағдарлаўшы, әлбетте, ҳуқықый саўат ҳәм мәнаўий бәркамаллық. Бул пазыйлетлердиң жетиспеўшилиги ҳәр дәўирдиң де прогрессив ой-пикириниң тийкарғы уўайымы. Уақтында, халық шайыры да, халқының тәшиўиши менен «аўырып», (сол ушын да «халық шайыры» атақларына ийе болған), өз ойларын жәриялаған: «*Адамдағы түрли-түрли сыр қандай, «Биреўлер – зор, биреў – қудай урғандай. Миннет етер, болса киши ҳәмелдар, Ҳүкиметти жалғыз өзи қурғандай»*. Шайырдың «Тирийек жутқан жайын» тымсалы нәпсиқаўлық бәлесине жолыққан «бир әйдик жайын»ның өкинишли жуўмағын береди. Лаўазым – бул халық исеними, үлкен жўапкершилик екенлигин уқтырып, жуўапкершиликти түсинбеўдиң ақыбетлерин билдирип сергеклендиреди: *«Ақмаққа ҳамал – мурнына батпан самал. «Сақ бол» дегендей, Ҳамалпаразлық – кесел, Тирийек жегендей: Кем-кемнен мәсиреди, Қоддаслап есиреди. Жаман деген аттан да қашпас, Өтирик мағлыўматтан да қашпас. Шалқыйды билингенше, Сағақтан илингенше»*.

Шахстың ҳуқықы ҳәм еркинлигине арналған Инсан ҳуқықларының улыўмалық Декларациясында, миннетлерди де өз ишине алған еркинлик ҳаққында айтылғанда, ҳәр бир инсанның ҳуқық ҳәм еркинлиги басқалардың ҳуқықларын мойынлаў ҳәм ҳүрметлеўи шеңберинде екенлиги аңланады. Орынлы түрде Нызам менен кепилленген бул ийгиликли өмир шәрти шайырдың дүньятанымының мазмуны сыпатында көринеди, адамгершилик қағыйдасы менен үйлесимин табады. Шайыр жәмийетке жат иллетлерге дус келгенде, яки адамгершилик этикаларынан шетлесиў ҳалатларын көргенде оның дүньятанымында “қарсы сөз” импровизация усылында төкпеленип дөретпеге айланады, кең жәмийетлик ойға тәсир жасайды. Жәмийетлик санада мақулланған шынлық халық арасында таралып кетеди, ен жаяды. Шайырдың: *«Маржанның да арасынан тас шығар, Жай адамнан мың есе пәс басшы бар. Өзим көрдим соның биреў-екеўин, Мүмкин, бирақ, арамызда аз шығар?..»* деген сәл ҳәзилнама қатарларында, сондай-ақ, айырым унамсыз иллет адресатына қарата қатты айтқанларында да, ҳақыйқат ушын гүресте ҳеш кимнен тартынбағанлығы, лаўазымдағы ҳәмелдарға да, әпиўайы пұқараға да бирдей адамгершилик көзқарасынан баҳалаўшы мүнәсибетте болғанлығын көремиз. Мысалы: *«Жоқарыға жалтақладың қояндай, Өз халқыңды тепкилединң боядай, Басқаны қор, өзиңди зор санайсаң, Өңирдеги ўәкалаттан уялмай!»; «Көп гердейдиң расында, әкең соққан төриңдей. Барған адам турар сында, Жаңа түскен келиндей…»* ҳәм т.б. Халық шайыры К.Рахмановтың шайыр Т.Жумамуратов ҳаққында: *«Қосық болып атылғанда, Албырады батырлар да»* деп тастыйықлаў себеби усында.

Шайырдың «Сууға кеткен адам» деген шығармасы халық аңызларына тийкарланған, мазмуны соннан ибарат, бир жылқыман «*жулқынып аққан дәрьяға»* қарап турып, онда «*батып-шумип қалықлап, деми қысып ҳалықлап»* ығып баратырған адамды көрип қалып қутқарады. Бул *«Ийеси барлық дүньяның»* Әсфендияр хан екен. Хан өзин қутқарыўшыға «*Керегиңше алабер, Ғәзийнемнен, малымнан», «Бүгиннен баслап сен де үлкен төресең»* деп көп байлық, ҳәмел ўәде береди. Ал, жылқыман болса, *«Байлыққа жоқ жарысым, Ҳамалға болмас тарысым. Қутқарыў – иси ҳәммениң, Адамшылық ары ушын»; «Ергим келмес қумартып, Мийнеттен қол қабартып, Халық пенен дәўран сүргеним, Ханлығыңнан мың артық»* деп жуўап береди. Сонда хан: *«надансаң, сен жылқышы»* деп жылқыманды *«сықақлап сөз айтып»* мысқыллайды. Жылқыман: *«-Надан десең наданман, Бирақ, мен де адамман. Сениң менен дос болсам, Ҳәмме ушын жаманман: Елге қәдириң қалмаған, Ханлық – бахыт болмаған. «Қутқарды» деп тил қатпа, Үлкен сыйлық сол маған» деп жуўап береди. Ҳәм және «Себеп халықтан қорқаман»* деп қосып қояды. Яғный, жылқыман, ханның сонша сыйлықларынан гөре, сени қутқарғанымды халыққа айтпасаң, болды» деп турыпты. Буннан үлкен аўыр сынақ болар ма?! Автор кейининде, *«Қурал етип ҳамалды, Белгилеме шамаңды. Халық – тәрези өлшеп тур, жақсы менен жаманды»* деп жуўмақ шығарған. Демек, қәдрият концепциясы – прогрессив жәмийетлик ой тийкарында, халық ушын не нәрсе қунлы деген сораўға жуўап береди.

Бүгинги күни суд реформаларының мәниси – тәртип-интизам үстемлик етиўши демократиялық жәмийет ҳаққындағы ойға келип тиреледи. Суд-ҳуқық дизиминиң либералласыўы бул мәзи нызам талабының жумсатылыўы яки ҳәлсизлениўи емес, бәлким, керисинше нызамлардың инсаныйлық ҳәм демократиялық тийкарларының беккемлениўи, демек. Усыларды ойлағанда, халық шайырының: *«Ҳәмме бирден топылғанда дөгерек, Қыйқаңлардың қыйсықлығын жеңер-ек. Бес бармақтың бәри бирдей болғанда, Адам ушын суд, прокурор не керек?!»* деген әрманлары ядқа келеди.

Т.Жумамуратов айрықша импровизаторлық талантқа ийе, қәлеген факт ҳәм ўақыяға сол ўақыттың өзинде, қалаберсе, поэтикалық шеберлиги менен қосық қатарларын дизиўине көре халық арасында «төкпе шайыр» атанған. Оның сатиралық шығармаларындағы, мәселен, *«Көпке оның зықы өтти, Биразларды ермек етти. Бир ўақытта отырған стол, Кәпелимде өңкип кетти!»* деген сыяқлы күшли юморға қурылған қатарларынан көплеп мысаллар келтириў мүмкин.

Мәмлекеттиң де, ондағы әдалатлы демократияның да басламасы – шаңарақ. Сонлықтан, тийкарғы Конституцияда шаңарақ жәмийеттиң тийкарғы буўыны есапланады, жәмийет ҳәм мәмлекет тәрепинен семьяны саламатластырыўға, бала тәртип-интизамының туўры қәлиплесиўине тәсир етиўши үрп-әдетлерге дыққат бериледи. Шаңарақтағы тәлим-тәрбия, ата-ана қәдири, ата-ана ҳәм перзентлер мүнәсибетлери Т.Жумамуратов дөретиўшилигиндеги тийкарғы темасы болып, әдеп-икрамлық қағыйдалары шырайлы сюжетлерде, нәсиятларда өзгеше сәўлеленген. Бунда семьядағы тәрбиялық атмосфераның әҳмийетине айрықша итибар берилген: *«Қус та уясынан сезим алады, Ҳәр бир нәрсе негизине барады. Әкесине усамайды десең де, Ең болмаса бир белгиси қалады»; «Биреў айтса, «Ҳаў!» деме, Сәл нәрсени даў деме. Өз үйиңниң адамын, Питиспестей жаў деме!»: «Қут-берекет татыўлықтан туўады, Жақсы жупты бир-бириниң қуўаты. Мысал алсаң оң қол менен сол қолды, Бирин-бир сыйпалайды, жуўады»; «Татыў турмыс елге абад келтирер, Даў-тартыстың изи апат келтирер. Жақсы жупты өмириңниң қуўаты, Ақмақ*

*тили менен сабап өлтирер»* деген сыяқлы дидактикалық қатаралары халық арасында нақыл-мақалға айланған.

Жуўмақлап айтқанда, көркем дөретиўшиликтеги этикалық-эстетикалық мийрасларды, дөретиўшилик тәжирибелерди үлги сыпатында үйрениў, олар ҳаққында пикирлеў пуқаралық жәмийетлик сана прогресинде әҳмийетке ийе. Халық шайыры Т.Жумамуратов өзиниң поэзиялық, прозалық, драмматургиялық бай мәнәўий мийрасы менен инсанийлық қәдириятларды қәстерлеп, унамсыз иллетлер менен аяўсыз гүрести. Биз бул мақалада көркем дөретиўшиликтиң тек бир бағдардағы, яғный, оның хуқықый-демократиялық жәмийет ҳаққындағы, сондай-ақ, мәмлекетлик басқарыў ҳәм хуқық қорғаў мәселелерине байланыслы ой-пикирлерине ғана дыққат аўдардық. Ҳәм негизинде, усы аспекттиң өзи де еле де кеңирек изертлениўи керек екенлиги ҳаққындағы жуўмаққа ийе болдық.

**Әдебиятлар**


1. Алишер Навоий. Маҳбубб ул-қулуб». –Тошкент: Ғ.Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти. 1983.
2. Андриенко Г. Демократические ценности. https://www.politforums.net/politclub...
3. Джон К.Гэлбрейт. Справедлиове общество гуманистический взгляд. https://cyberleninka.ru/article/n/spravedlivoe-obschestvo-gumanisticheskiy-vzglyad/viewer
4. Жумамуратов Т. Өмириңниң өзи – философсфия. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 2005.
5. Махаматов Т.М. Демократия как образ жизни народа. Автореферат Диссертации на соискание ученой степени доктора философских наук. –М.: 2005.
6. Проблема общества в античной философии https://studwood.ru/953538/filosofiya/problema_obschestva_antichnoy_filosofii
7. Общая характеристика Авесты как источника зороастрийского права. https://cyberleninka.ru/article/n/obschaya-harakteristika.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада демократик қадриятларнинг бадий ижоддаги талқини қорақалпоқ шоири Тлеуберген Жумамуратов асарлари мисолида ёритилади. Шоирнинг хуқуқий-демократик жамият, давлат бошқаруви ва хуқуқий ҳимояга оид бадий тафаккури аниқланади. Таҳлилларда асосий урғу асардаги маънавий-аҳлоқий баҳолашга қаратилган бўлиб, маънавият, одамийлик ва адолатлилик қадриятлари шоир асарлари орқали таҳлил этилади.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена толкованию демократических ценностей в художественном творчестве на примере произведений каракалпакского поэта Тлеубергена Жумамуратова. Разъясняется художественное мышление поэта о правовом-демократическом обществе, о государственном управлении и правовой защите. Основной акцент анализов направлен на духовно-нравственную оценку в произведениях, на первый план выдвигаются ценности как духовность, гуманность и справедливость.

**SUMMARY**

The article is devoted to the interpretation of democratic values in artistic creation on the example of the works of the Karakalpak poet Tleubergen Zhumamuratov. The poet's artistic thinking about a legal-democratic society, public administration and legal protection are explained. The main emphasis of the analyzes is aimed at spiritual and moral assessment in works, values such as spirituality, humanity and justice are brought to the fore.


# СИСТЕМНОЕ МЫШЛЕНИЕ В ПОЗНАНИИ


**М.К.Ниязимбетов** - *доктор философских наук*

**Б.Ж.Алланазарова** - *соискатель*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*



**Таянч сўзлар:** мураккаблик, тизим, ночизиқлилик, тизимли тафаккур, фрагментар тафаккур, редукционизм, холизм, тизимли моделлаштириш.

**Ключевые слова:** сложность, система, нелинейность, системное мышление, фрагментарное мышление, редукционизм, холизм, системное моделирование.

**Key words:** complexity, system, nonlinearity, cognitive system, fragment cognition, reduction, holism, system modeling.


В современной гносеологии системное мышление исследуется в качестве адекватного образа мышления для познания сложности.

Что такое системное мышление? Ряд исследований содержат его определения. К примеру, по мнению А.Н.Аверьянова, “системное мышление это – самая развитая форма мышления” [1:263], по В.К.Толкачеву, оно есть “качественно новое состояние мышления” [2:347]. По мнению одного из крупных специалистов в вопросах системного мышления и системного подхода Донеллы Медоуз, “Системное мышление – новый способ описания и познания окружающего мира, учитывающий, что «всё связано со всем», что взаимосвязи могут носить нелинейный характер и образовывать циклы обратных связей, что система в целом представляет собой нечто большее, чем простая совокупность составляющих ее частей. Специалистов в области системного мышления и системной динамики называют системными мыслителями или системщиками. Современный мир быстро меняется, многое усложняется, системное мышление помогает нам увидеть наши возможности, применять их и управлять ими. Данный тип мышления может помочь найти истинные причины проблем и найти пути их преодоления” [3:150].

Противоположностью системного мышления является фрагментарное (отрывочное, неполное) мышление. Если фрагментарное мышление изучает предметы и явления, деля их на части, то системное мышление занимается построением целого объекта из его частей. Односторонность фрагментарного подхода много веков назад отметил древнекитайский философ Лао Цзи в своем высказывании: “когда человек делит мир на части, он перестает понимать воздействие не только божественных, но человеческих законов”. Между прочим, фрагментарное мышление мы можем рассмотреть на примере индийской притчи, в которой говорится о том, как несколько слепцов не смогли познать истину, представляя себе части тела слона, которые они ощупывали:

Первый, ощупывая хвост слона, посчитал, что это веревка. Второй, ощупывая зубы слона, представил их себе в виде палок. Третий, ощупывая его живот, представил себе стену. Четвертый, ощупывая ноги слона, представил себе столбы.

Слепцы познали только части целого. Они не осознали, что в действительности истина выглядит по-другому. Анализ только частей не обеспечивает понимания целого, ибо целое определяется взаимодействием частей. Отдельно взятая часть целого это только часть, она не дает никакого представления о целом. Между тем, объединив свои разрозненные представления, слепцы могли бы создать единую картину целого и таким образом достичь истины. При помощи системного мышления мы создаем широкую панораму, точнее понимая происходящее.

В подобном вышеприведенному фрагментарному